# Aflasafe™






## Aflatoxin dey kill!

Aflasafe dey protect your corn and groundnut from bad bad poison



## Wetin be Aflasafe and why I go dey use am?

Aflasafe na di tin we dey comot aflatoxin for maize and groundnut. Dem make am so dat we and we family and community people go dey well and dey make money, through wetin dem call aflatoxin safe food. Aflasafe go give us plenty money wen we use am produce wetin food company dey look for and wetin oyinbo sef dem want.

Na sorghum wey don die dem take make am, them cover am with atoxtigenc wey be *Aspergillus flavus* wey come from our own country Nigeria. Dem dye am with blue wey dem dey use for food, make we no come confuse am with the sorghum wey we dey see everytime.

The people wey develop am na the International Institute of Tropical Agriculture (IITA). Dem collaborate with the United States Department of Agriculture–Agricultural Research Service, University of Bonn (Germany), and University of Ibadan wey dey for Ibadan, Nigeria.

## Wetin be dis aflatoxin?

Dis na poison we dey for nature wey dem call am *Aspergillus fungus* wy come from *Aspergillus flavus.* E dey for ground, for plant wey don die or don decay. It dey spoil our crops until dem don mature. You no fit see am, e no dey smell and e no get taste, but the tin dey wound people and animal. E no go at all at all for dem. As we say na nature dey produce this bad one, nature sef dey produce the good ones wey be say if you use am well e go comot dis bad bad ones wey dey spoil our crops.

Aflasafe e dey easy to use. You fit look the instruction wey dey the body of the packet.

Cover Photos – March 2017: *See as Dan' Asabe dey use aflasafe for him maize farm wey dey for Dorawan Village inside Kano State.* Photos – IITA, main: OO Bode; inset: A Ortega-Beltrán

# Instructions

1. Use am as dem talk.
2. Make you follow the tin wey dem recommend for your area on how dem dey grow crop.
3. Before you go use Aflasafe, make you make sure say, dem clear de grass commot for de farm, do am ridge, put fertiliSer and every other tin we you suppose do for your farm, so dat when you put am you no go dey march am at all or put your leg.
4. Make you nor do anything wey go make merecine – Aflasafe to hide for ground, because the merecine suppose stay for up of the soil.
5. Make you measure de place wey you wan put de merecine – Aflasafe.
6. If na corn farm you wan put de merecine, make you make sure say de corn don grow for 2 to 3 weeks and e don grow reach waist. Measure am for 10 kilo for 1 hectare.
7. If na groundnut, make you use this ogbonge merecine – Aflasafe, after 30 to 35 days, wey be 2-3 weeks before flower comot, for the side of the row on up of the soil, when you don plant de groundnut. Measure am for 10 kilo for 1 hectare.
8. Make sure say you put de merecine – Aflasafe correct for de farm.
9. E beta make you use dis merecine – Aflasafe wen rain don fall finish wey de ground still wet.
10. Make you no worry for de small small ants we de carry de merecine – dem go carry am come back after 2 or 3 days. E no spoil anything.
11. Dis ogbonge merecine, Alflasafe, e nor do fowl, guinea fowl or bird anything.
12. Wen you put dis ogbonge Aflasafe for your farm, go look am after one week. You go see sey de colour go change somehow, but make you nor worry.
13. Wen time for harvest reach, make you follow how dem talk say make you do. Everything go do beta wellu wellu.

# E beta make follow how dem say make you use di merecine

## Wahalla and how you go take care of am

- Make you no apply dis merecine with fertiliser and other things
- Make you use dis ogbonge merecine wen you know say no wahala for de area wey you wan use am. No use am wen you know say the merecine go comot go other side wey no be your own or wey people or alive dey stay,
- Make you nor drink or eat or smoke wen you dey put dis merecine for where you wan put am.
- Wash your hand, well well with soap wen you finish.

## Where you go put dis merecine

MAKE E NO SPOIL YOUR WATER, FOOD OR ANIMAL FOOD

- Store de merecine for dry place where no body go worry am.
- No put am for too hot place or too cold place.
- Make you use everytin you prepare to use according to how dem tell you for de paper wey follow am. Throw am kpata kpata anyone wey remain after you don put for all de place.
- Make you nor use de empty container for anything again, bury for landfill or wey dem dey burn things.

**MAKE YOU MAKE SURE SAY YOU READ AND FOLLOW DE ADVICE WEY DEM GIVE YOU ON TOP OF THE CONTAINER**

For dis ogbonge merecine Aflasafe to work, follow all de tins wey dem say make you do, **correct tin you do go bring beta result.**

If you wan buy am to take treat your crops or if you wan buy the ones wey dey don treat, make you contact Harvestfield Industries Ltd:
Tel/SMS: 0807 356 9437, 0705 149 0042, 0705 149 0062, 0907 031 3762;
Email: info@harvestfield-ng.com

aTTC aflasafe Safer food in Africa

IITA Transforming African Agriculture — BiP Business Incubation Platform

HarvestField Industries Limited

/Aflasafe

www.aflasafe.com

*Leaflet produced by the Aflasafe Technology Transfer and Commercialisation initiative (ATTC)*

*Apr 2018 -- Pidgin*